ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№93 (22.501) ● 2013 гъэм накъыгъэм (майм) и 24, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



Сурэтыр КЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

## КЪАНОКЪУЭ Арсен: «Сабийхэм я Iуэхур Iэпэдэгъэлэл ящIу здэнукъым»

**Къанокъуэ Арсен апхуэдэу жиIащ сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэ Iуэгъуз Светланэ щыхуэзам.**

КъБР-м и Iэтащхьэм щыгъуазэ зищIащ 2012 гъэм КъБР-м сабийм и хуитыныгъэхэмрэ абы и сэбэп зыхэлъхэмрэ зэрыщытетам теухуауэ Iуэгъузым жиIахэм. Къанокъуэ Арсен жиIащ а лэжьыгъэм жэуаплыныгъэшхуэ пылъу къызэрилъытэр икIи а IэнатIэм властым и нэIэ зэпымыууэ тригъэтын зэрыхуейр. Республикэм и Iэтащхьэм къызэрилъытэмкIэ, сабийхэм я хуитыныгъэхэм къащхьэщыжыным пыщIа гугъуехьхэр къыщыкъуэкIам и деж ахэр икIэщIыпIэкIэ гъэзэкIуэжа зэрыхъунум хущIэкъупхъэщ. «Уэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ къулыкъухэм ящыщ зы пIыгъщ. ИкIи уи IэщIагъэкIэ ущыюристкIэ, быни ущиIэкIэ, егъэлеяуэ сабийм укъызэрыщхьэщыжыным ухущIэкъуну си гугъэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ властым и органхэм я мызакъуэу, сабийхэр зэрыс унагъуэхэми адэ-анэхэми я деж унэсыну къыппэщытщ», - къыхигъэщхьэхукIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Iуэгъуз Светланэ жиIащ властым и IэнатIэ псоми сабийм и хуитыныгъэхэмрэ абы и сэбэп зыхэлъхэмрэ къыщхьэщыжыныр, цIыхухэм щIэныгъэ нэс егъэгъуэтыныр, лей зытехьа сабийхэм я хуитыныгъэхэр зэтегъэувэжыныр зыпэрыт IэнатIэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Абы къыхигъэщхьэхукIащ КъБР-м законхэр зэрыщагъэзащIэр. Абы и щыхьэтщ цIыхухэми пыухыкIауэ езыхэм я хуитыныгъэхэр дагъэкIыну зэрыхущIэкъур. «Дэ цIыхухэм нэхъыбэрэ дазэрыхуэзэным дыхущIокъу, абы папщIэ къалэхэм, районхэм докIуэ. ПхуэмыгъэзэкIуэжын мыхъумыщIагъэхэм дрихьэлIэркъым. Сабийхэм я Iуэхухэр дэгъэкIыным IэнатIэ псори, абыхэм федеральнэ IэнатIэхэри яхэту, къыхыдошэ. Иужь зэманым дэ цIыхухэм къабгъэдэкIыу лъэIу зэмылIэужьыгъуэу 152-рэ къытIэрыхьащ. Абыхэм ящыщу 100-м япкъ иткIэ зыхуэфащэ Iуэхухэр длэжьащ, сабийхэм я хуитыныгъэхэр зэтедгъэувэжын папщIэ», - жиIащ сабий омбудсменым.

Абы зэрыжиIамкIэ, япэ ирагъэщ егъэджэныгъэм, гъэсэныгъэм, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр дэгъэкIыным, сабий зеиншэхэр псэупIэкIэ къызэгъэпэщыным япыщIа Iуэхухэр. Республикэм мымащIэ щалэжь сабий куэд зэрыс унагъуэхэмрэ сабий зиIэ унагъуэхэм ящыщу нэхъ хуэмыщIахэмрэ мылъкукIэ ядэIэпыкъун, школакIуэхэр шхын хуабэкIэ къызэгъэпэщын, медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтын я лъэныкъуэкIэ. АбыхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и адрей щIыналъэхэм къакIэрымыхум къыщымынэу, сабий IуэхущIапIэхэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ нэрылъагъуу япэ итщ. Абы и лъэныкъуэкIэ щапхъэу къэбгъэлъагъуэ хъунущ Сабийм и унэу Налшык дэтым и лэжьэкIэр. Ар утыку къыщралъхьащ сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэхэм Уфа къалэм щрагъэкIуэкIа еблэнэ съездым.

Iуэгъуз Светланэ къыхигъэщхьэхукIащ сабийхэм психологхэм я дэIэпыкъуныгъэ етыным мыхьэнэ хэха зэриIэр. НыбжькIэ зэрыщIалэм къыхэкIыу абыхэм сыт хуэдэ Iуэхури кууэ зыхащIэ. Псом хуэмыдэу цIыкIухэм къатохьэлъэ унагъуэхэм илъ зэгурымыIуэныгъэр, адэ-анэхэр щызэбгъэдэкIыж къызэрыхъур. Апхуэдэ унагъуэхэр IэщIагъэлIхэм я нэIэм щIагъэтын хуейщ.

КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ, зэрыщыту къапщтэмэ, сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэр тэмэму къызэрилъытэр икIи адэкIи нэхъ жыджэру и IэнатIэм бгъэдэтыну къыхуриджащ. «Уэ дэтхэнэ унагъуэми унэсын икIи удэIэпыкъун хуейщ. Мы Iуэхум псори зэхуэдэу тогузэвыхь. Абы къыхэкIыу сыт хуэдэ гугъуехьри и зэманым къыщIэгъэщауэ унафэ тещIыхьыпхъэщ. Апхуэдэу гулъозгъэтэну сыхуейщ къыббгъэдэхуэ полномочиехэр гъэзэщIэным Iэпэдэгъэлэлу убгъэдыхьэ зэрымыхъунум. Мыгувэу сэ отчет къеIысхынущ балигъ мыхъуахэм я хуитыныгъэхэм къыщхьэщыжынымкIэ законодательствэр гъэзэщIэным пылъ дэтхэнэ ведомствэми и унафэщIым. Сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэным Iэпэдэгъэлэлу бгъэдыхьэхэм яхуэздэнукъым», - жиIащ зэIущIэм и кIэухым Къанокъуэ Арсен.

Сабийм и хуитыныгъэхэмкIэ уполномоченнэм и докладым къыщыгъэлъэгъуа гугъуехь псори дэгъэкIынымкIэ къалэнхэр республикэм и Iэтащхьэм зыхуэфащэ IэнатIэхэм яхуигъэуващ икIи ахэр зэрагъэзащIэм хэхауэ кIэлъыплъынущ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

● КъБР-м и Парламентым

## «Си хабзэубзыху жэрдэм»

**КъБР-м и Парламентым и Унэм щагъэлъэпIащ «Си хабзэубзыху жэрдэм» еянэ урысейпсо щIалэгъуалэ зэпеуэм и япэ Iыхьэм къыщыхэжанык Iахэр. Абы и къызэгъэпэщакIуэр УФ-м и Къэрал Думэмрэ «Интеграция» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэщ.**

ПАРЛАМЕНТЫМ и унафэщI **Чеченов Ануар** зэIущIэр къыщызэIуихым жиIащ щIалэгъуалэм я зэфIэкIыр здынэсыр къэпщытэнымкIэ зэпеуэхэр IэмалыфIу зэрыщытыр, арщхьэкIэ илъэс къэс ирагъэкIуэкI апхуэдэ Iуэхугъуэм мы гъэм хэтыну жэрдэм зыщIахэр куэдкIэ зэрынэхъмащIэм зэригъэгузавэр.

ЦIыху 40-м я лэжьыгъэхэр къагъэлъэгъуати, абыхэм ящыщу еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэс щIалэгъуалэ 17-мрэ абыхэм ядэлэжьа щIэныгъэ унафэщI 12-мрэ я цIэ къраIуащ. Япэ увыпIэхэр къэзыхьа ныбжьыщIэхэм ящыщу цIыхуиплIыр зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм хэтынущ.

Чеченовым и псалъэхэм къыхигъэщащ зэхьэзэхуэм адэкIэ хэтыну Iэмал зыгъуэтахэм ди республикэр къэралпсо утыкум екIуу къыщагъэлъэгъуэну зэрыщыгугъыр.

Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и комитетым и унафэщI **Дадэ МуIэед** псалъэ щратым, къытеувыIащ иджы къагъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр бжыгъэкIэ мащIэми, адрей илъэсхэм елъытауэ, я мыхьэнэкIэ нэхъыфI зэрыхъуар.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Саенкэ Татьянэ** къызэхуэсахэр къыхуриджащ 2013 гъэм Хабзэубзыху IэнатIэм къыхилъхьа зэпеуэхэм жыджэру хэтыну.

ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ комитетым и Iэтащхьэ **Хьэщхъуэжь Татьянэ** зи зэфIэкI къэзыгъэлъэгъуа щIалэгъуалэм ехъуэхъуа нэужь, жиIащ гъащIэм къыщыхъухэм ехьэлIа я Iуэху еплъыкIэр ящIэну зэригуапэр. IуэхуфIхэм я жэрдэмщIакIуэу щытыну, абыхэм жыджэру хэтыну къыхуриджащ.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкIахэм - щIыхь тхылъхэр, абыхэм я унафэщIхэм фIыщIэ тхылъхэр иратащ. ИужькIэ псоми зэгъусэу сурэт зытрагъэхащ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтыр* **Тикаевэ ФатIимэ** *трихащ.*



## Дызэкъуэту дызэдэлажьэмэ, дэ куэд тхузэфIэкIынущ

### Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий 2013 гъэм накъыгъэм и 21-м екIуэкIа щыгъуэ пэкIум къыщипсэлъар

**Ныбжьэгъу лъапIэхэ! ПщIэ зыхуэсщI ди хьэщIэхэ! Мы щIыпIэ лъапIэм деж дэ аргуэру дигу къыщыдогъэкIыж Кавказ зауэм хэкIуэдахэр е абы и зэранкIэ хэкум пэIэщIэ хъуахэр. Илъэси 101-кIэ екIуэкIа гузэвэгъуэшхуэм адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнур къэгъазэ имыIэу ихъуэжащ. ЦIыху хейуэ мелуанхэм я гъащIэр зыхьа, адыгэхэр гуп-гупурэ дунейм щизыкъухьа лъыгъажэ зауэр 1864 гъэм накъыгъэм и 21-м иухащ.**

СОВЕТ къэралу щытам щыпсэуа лъэпкъхэм иужьрей илъэс бгъущIым кърикубыдэу Граждан зауэр, Хэку зауэшхуэр, зэтекъутэныгъэхэр, цIыхубэ хозяйствэр зэрызэфIагъэувэжар, Совет Союзыр зэрыкъутэжар я нэгу щIэкIащ. Адыгэхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм щыщ адрей лъэпкъхэмрэ я къекIуэкIыкIам ущыхэплъэжкIэ, къыбгуроIуэ адэкIэ Урысей иным зэпымыууэ щIыгъуну икIи абы и гъусэу зауж ьыну ди адэжьхэм илъэс щитхум нэблагъэ япэкIэ къызэрыхахар икъукIэ губзыгъагъэу зэрыщытар.

Нобэ дэ псори дызэхэзыша гузэвэгъуэм и щхьэусыгъуэхэр къэлъыхъуэныр, абы тэмэму тепсэлъыхьыныр зыхуэунэтIар зы мурадщ – XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм къэхъуа гузэвэгъуэм и пэжыпIэр гъэтэмэмынырщ. Дэ Кавказ зауэм щIытедгъэзэжыр иджырей щIэблэхэм зыгуэркIэ деныкъуэкъуну аракъым, атIэ щалъхуа щIыналъэр яхъумэурэ зи псэр зытахэм я фэеплъыр дгъэлъэпIэн папщIэщ. Илъэси 150-рэ и пэкIэ иуха урыс-адыгэ зауэшхуэм и пэжыпIэр дыубзыхумэщ дэ ди нэгур зэIухауэ дыщызэплъыфынур икIи къэкIуэну щIэблэхэм къахуэдмыгъанэу, абы пыщIа гугъуехьхэр щыдэдгъэкIыфынур.

Ноби къэрал щхьэхуэхэм щыIэ тепщэныгъэхэр щакъутэ, абыхэм я лIыщхьэхэр зэхэзехуэн ящI икIи а псоми урагъэгупсыс дунейм цIыху тэмэму тетым я къарухэр зэщIэгъэуIуэн зэрыхуейм. Ираким, Ливием, Сербием, Боснием я щапхъэхэм, Сирием и уIэгъэхэм къытхуагъэув ем зэщIыгъуу дыпэщIэувэн хуейуэ.

Иджыпсту дуней псор быдэу зэпыщIащ, абы и хъыбарегъащIэ Iэмалхэр зыуэ зэкъуэтщ. Дэнэ щIыпIэ къыщыхъуами цIыхухэр дакъикъэ бжыгъэм щыгъуазэ ящIыф. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, зауэр зэщIэзыгъэстхэр абы къызэтригъэувыIэркъым.

Хэхауэ дытегузэвыхьу дэ Сирием щекIуэкIхэм дыкIэлъоплъ икIи цIыху лажьэншэхэр, хамэщI зэгуэр къыщыхутауэ щыта ди лъэпкъэгъухэри абыхэм яхэту, зэрыхэкIуадэм дегъэбампIэ. Дэ а зауэр къызэтедгъэувыIэн, залымыгъэ политикэм и телъхьэхэм дапэщIэувэн папщIэ тхузэфIэкI псори длэжьыну ди къалэнщ. Дэ долъагъу а Iуэхум Урысейм и Правительствэм, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир езым и щхьэкIэ къаруушхуэ зэрырахьэлIэр. А псоми къадэкIуэу, дэ Урысей къэралыгъуэм, Сирием щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я Iуэхур дэгъэкIыным пыщIахэм аргуэру долъэIу адыгэ диаспорэм щыщу щызэзауэ щIыпIэхэм щыIэхэр икIэщIыпIэкIэ абы къишынымкIэ икIи езыхэм я адэжь хэкум шынагъуэншэу щыпсэун папщIэ къэшэжынымкIэ къыддэIэпыкъуну.

ГурыIуэгъуэщ къэралым щызекIуэ законхэр гъэзэщIэн икIи сыт хуэдэ Iуэхури хабзэм къезэгъыу дэгъэкIын зэрыхуейр. Дэ къыдгуроIуэ мы Iуэхухэр къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр. Ауэ, итIани, политикэ зэфIэкIымрэ цIыху акъылымрэ къитIасэу лъыгъажэр къызэрагъэувыIэн икIи зэныкъуэкъу лъэныкъуэхэр зэрызэгурагъэIуэн Iэмалхэр къэлъыхъуэн хуейщ.

Мы махуэхэм Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм я унафэщIхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, цIыху щхьэхуэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм къегъэлъагъуэ, дызэкъуэтмэ, дэ куэд зэрытхузэфIэкIынур. Пэжщ, ди Iэпэр къызыпемыкIуэкIхэри щыIэщ. Ауэ гузэвэгъуэр дэгъэкIынымкIэ дызэрызэкъуэтым, лей зытехьахэм дадэIэпыкъуну дызэрыхущIэкъум пыухыкIауэ Iуэху тэмэмхэр кърикIуащ.

Мы утыкур къэзгъэсэбэпу, республикэм исхэм я цIэкIэ КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ иригъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм, ди лъэпкъэгъухэр къэшэлIэжынымрэ ахэр зыхуей хуэгъэзэнымкIэ езым и щхьэкIэ IуэхукIи мылъкукIи куэд зэрыхищIыхьым папщIэ. Къэзыгъэзэжахэм папщIэ унипщI бжыгъэхэр къуажэхэм къыщащэхуакIэщ.

Апхуэдэу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и унафэщIхэм, Сирием, Иорданием, Тыркум, Сербием, Израилым щыщ ди лъэпкъэгъухэм я сабийхэр егъэджэнымкIэ илъэс 45-м щIигъуауэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIым папщIэ. Нэгъабэ и закъуэ КъБКъУ-м иригъэджэну къиштащ Сирием щыщ щIалэрэ хъыджэбзу 200-м нэблагъэ.

Сирием щекIуэкI зауэм къыхэкIыу къэIэпхъуэжа ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ захуэзгъэзэну сыхуейт. Фыкъыздэк Iуэжар фи адэжь хэкущ, фи щIыналъэщ. Тхьэм псэукIафIэ фищI! Тхьэр арэзы къахухъу дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм IуэхукIи, сомкIи, псалъэ гуапэрэ гущIэгъукIэ нэхъ мыхъуми защIэзыгъэкъуахэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Къэрал IуэхущIапIэхэм

## Лэжьыгъэ псори фIыщ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къыщызэгъэпэщыным и щIэгъэкъуэн программэм хыхьэу, IэщIагъэ зэзыгъэгъуэтахэм ящыщу 77-м мазиплI кIуам я Iэзагъэм хагъэхъуащ.**

РЕСПУБЛИКЭМ цIыхухэм IэнатIэ къахуэзылъыхъуэ и къэрал комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Гугъуэт ФатIимэ зэрыжиIамкIэ, ныкъуэдыкъуэ 20 къызэращтэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ IуэхущIапIэхэм ярищIылIащ, хьэзыр хъуа IэнатIэхэм 13 ягъэуващ.

КъищынэмыщIауэ, электрогазосварщик, лакIуэ (маляр), пхъащIэ, пщафIэ, газ Iэмэпсымэхэм я слесарь, электросварщик, нэгъуэщI IэщIагъэ зиIэу 20 щIэрыщIэу ирагъэджэжащ, зыхуэфащэ тхылъхэр иратын папщIэ, аттестацэ ящIащ.

Республикэм лэжьыгъэмкIэ и рынокым нобэ зыщыщIэупщIэхэм я процент 80-м щIигъур рабочэ IэщIагъэщ. 2009-2012 гъэхэм щхьэхуэу зэфIэгъэкIыпхъэхэм теухуа щIыналъэ программэм ипкъ иткIэ, зи Iуэху къыдэзыхыжа лэжьапIэншэхэм цIыху 209-м IэнатIэ къыхуагъуэтащ.

*КъБР-м ЦIыхухэр IэнатIэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетым и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Министерствэхэм

## ЗэфIагъэкIахэм щыхоплъэж

**КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм хыхьэ IэнатIэхэр Лэжьыгъэр хъумэным теухуауэ мазэ кIуам къыхалъхьа Iуэхугъуэхэм жыджэру хэтащ.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и Правительствэм ищIа пщэрылъым тету, мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ и 30 пщIондэ ахэр ирагъэкIуэкIащ. Предприятэхэм къыщызэрагъэпэща комиссэхэм зэраубзыхуам тету, технологие Iэмэпсымэхэм я щытыкIэр, техникэ шынагъуэншагъэм зэрыкIэлъыплъ журналхэр, пщалъэхэмкIэ тхылъхэм къагъэувхэр зэрагъэзащIэр планым хэмыту къапщытащ. КъищынэмыщIауэ, предприятэ щхьэхуэхэм цIыхухэм я узыншагъэр зэрыщахъумэр, ахэр щыгъын хэхакIэ къызэрыщызэрагъэпэщыр зрагъэщIащ, IэнатIэхэр аттестацэ щIыныр щызэфIагъэкIащ.

Мазэ лэжьыгъэм кърикIуар IуэхущIапIэхэм щызэхалъхьэжащ, къыхэжаныкIахэр щагъэбелджылащ. Абыхэм ящыщщ «Тэрчналмэс», «НЗВА», «Телемеханика» ОАО-хэр, «Сигма» щIэныгъэ-производственнэ жэуаплыныгъэ пыухыкIа зиIэ обществэр, «Севкаврентген-Д» ООО-р, «Эрпак» ЗАО-р.

**ИТТИЕВЭ Аминэ.**

● ЗэIущIэхэр

## ПсэупIэхэр зэраухуэм топсэлъыхь

**КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Уянаев Казым иригъэкIуэкIащ псэупIэ еэзгъырабгъуэхэр ухуэнымкIэ, хэхъуэшхуэ зимыIэ унагъуэхэм папщIэ псэупIэ фондым зэгъэубгъунымкIэ лэжьакIуэ гупым я зэIущIэ. Абы кърихьэлIащ властым и щIыналъэ органхэм я лIыкIуэхэр, ухуакIуэ организацэхэмрэ финанс-кредит IуэхущIапIэхэмрэ я унафэщIхэр.**

ФЕДЕРАЛЬНЭ Правительствэм къигъэува къалэнхэм япкъ иткIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхигъэщхьэхукIри, вице-премьерым жиIащ республикэм щыпсэухэм ящыщу куэд къызыхэмыхъуэхэр иджырей тыншыпIэхэр зиIэ икIи зи уасэкIэ еэзгъырабгъу псэупIэхэмкIэ, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ къызэгъэпэщыным хэхауэ егугъун зэрыхуейр.

Федеральнэ программэ хэхахэр, программэ пыухыкIахэр гъэзэщIэным Къэбэрдей-Балъкъэрыр жыджэру зэрыхэтым къыхэкIыу цIыхухэр псэупIэкIэ къызэрызэрагъэпэщри йофIакIуэ. Къапщтэмэ, 2012 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм фэтэр куэд хъу унэу 9 хьэзыр щащIащ. Абыхэм ящыщу 5-р яухуащ цIыхухэр жьы хъуа унэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ программэм хиубыдэу. Ахэр зэращIа ахъшэр ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IэнатIэм реформэ щегъэкIуэкIыным зыщIэгъэкъуэнымкIэ фондым, КъБР-м и республикэ бюджетым, апхуэдэу республикэм и къалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я бюджетхэм къыхахащ. 2013 гъэм республикэм псэупIэ унэу псори зэхэту метр зэбгъуззэнатIэ мин 287,5-рэ щащIыну я мурадщи, абы и процент 15-р нэхъ къызэрыгуэкI псэуалъэхэрщ.

А псоми къадэкIуэу, Уянаев Казым къигъэлъэгъуащ республикэм къыпэщыт къалэнхэр куэдкIэ зэрынэхъ иныр икIи мы IэнатIэм хэхауэ зэрегугъупхъэр. Вице-премьерым жиIащ къызэрыгуэкI псэупIэу яухуэр нэхъыбэ ящIын, зы метр зэбгъузэнатIэм и уасэм кIэрагъэхун папщIэ кредит IуэхущIапIэхэм ядэлэжьапхъэу къызэрилъытэр. Абы КъБР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм хуигъэуващ кредит IуэхущIапIэхэм пыухыкIауэ зэрадэлэжьэну щIыкIэр иубзыхуну, апхуэдэу нэхъ хуэмыщIахэм папщIэ ящI псэупIэхэм хагъэхъуэным хуэунэтIа Iуэхухэр КъБР-м и Правительствэм къыщыхилъхьэну.

*КъБР-м Ухуэныгъэмрэ архитектурэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Лэскэн щIыналъэ

## Жыг хэсэ, ныбжьэгъу

**Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхуагъэхьэзыра Iуэхугъуэхэм хыхьэу, «Жыг хэсэ» акцэр Лэскэн районым щрагъэкIуэкIащ.**

КУЕЙМ и курыт школхэм я егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ жыгей плъыжьым хуэдэу, нэгъуэщIу 300-м щIигъу хасащ.

Дунейр уфауэ щытами, нэхъыщIэхэри нэхъыжьхэри гукъыдэж яIэу мы Iуэхум хэтащ. ГъэIэпхъуэнхэр Лэскэн мэз хозяйствэм пщIэншэу къаритащ.

*Лэскэн муниципальнэ районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

● Гъэшхэкlхэр

## Тонн мин 30-м щIигъу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэшу къыщашым зэрыхэхъуэм абы елэжь предприятэхэм я лэжьыгъэр ирегъэфIакIуэ.**

МЫ ГЪЭМ и япэ мазищым кърикубыдэу шэ щIэмыхум къыхащIыкI ерыскъым проценти 9-м нэскIэ хэхъуащ. Апхуэдэу тонн мин 30-м щIигъу ягъэхьэзыращ. Кхъуейрэ кхъуейлъалъэу тонн 555-м нэблагъэ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ процент 34-кIэ нэхъыбэ къыщIагъэкIащ.

**ЩЭРДЭН Данэ.**

## КIапсэ гъуэгур зэхуащIыж

**Къэбгъэсэбэпынк Iэ зэрышынагъуэм къыхэкIыу Зей Iуащхьэм дэкI кIапсэ гъуэгур зэхуэщIыпхъэу къызэрилъытэм теухуауэ Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм зыкъыхуигъэзауэ щытащ «Ростехнадзорымрэ» Кавказ Ищхъэрэ IуэхущIапIэмрэ. 1977 гъэм яукъуэдияуэ щыта а гъуэгур Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм и дамыгъэ нэхъыщхьэхэм хабжэу илъэс куэдкIэ къекIуэкIащ. Ар республикэм зыщызыгъэпсэхухэм ящыщу нэхъыбэ дыдэ зэкIуалIэ IуэхущIапIэт.**

АУЭ ГЪУЭГУР 1989 гъэ лъандэрэ лэжьэжыркъым. Ар жьы дыдэ хъуащ, кIапсэхэр улъиящ. Абы къыхэкIыу иджыблагъэ Налшык къалэм граждан зыхъумэжыныгъэм и IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэмкIэ, мафIэсым и шынагъуэр къэмыгъэхъунымкIэ и центрым и IэщIагъэлIхэм я нэIэ щIэту кабинэхэр къыфIахыжащ, кIапсэхэр кърахащ. ЗэкIэ гъуэгум хиубыдэ пкъохэмрэ къикIыпIэ-итIысхьэжыпIэхэмрэ къагъэнащ. Хэт ищIэрэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыгушхуэу щыта, Зей Iуащхьэм дэкI кIапсэ гъуэгур къэзыгъэщIэрэщIэжыфын инвесторхэр мыгувэу къыкъуэкIынкIэ хъунщ.

**ЩЫХЬМЫРЗЭ Заурбэч.**




### «ДэIэпыкъукIэ» гъэщIэгъуэн

**США-м и сенатым дунейпсо зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетыр арэзы техъуащ Сирием и къэрал унафэр зыIэщIэлъхэм япэщIэт зауэлIхэм Iэщэ иратыным теухуа законопроектым.**

Ар зэхэзылъхьахэм зэрыжаIэмкIэ, Америкэр IэщэкIэ дэIэпыкъу хъунущ зи хуитыныгъэм щIэбэн къарухэм, ахэр террористхэм япымыщIамэ, сыт хуэдэ егъэлеиныгъэми хэмыпщIауэ къалъытэмэ. ХабзэщIэр къэщтэным лъабжьэ хуащIар «Сирием щытыкIэр махуэ къэс нэхъ зэрыщекIакIуэрщ, абы щыпсэухэр цIыхум хуэмышэчын хьэзабхэм зэрыхэтырщ».

«ИлъэситIым кърикубыдэу цIыху мин 80 хэкIуэдащ а зауэм, къэралым гузэвэгъуэкIэ иIэпхъукIахэм я бжыгъэр мелуанрэ ныкъуэм щIигъуащ. А къаугъэм хэша мэхъу Ливанымрэ Ираками. Дэ а псоми лъэныкъуэкIэ дыкъыщеплъу дыщыт хъужынукъым», - а законопроектыр «игъэзахуэу» жиIащ ар къыхэзылъхьа комитетым и унафэщI Менендес Роберт.

Къыхэдгъэщынщи, апхуэдэ «дэIэпыкъукIэр» фIэзахуэкъым Урысей Федерацэм, абы щытыкIэр нэхъри зэщIигъэплъэну къелъытэри.

### Аргуэру Меркель токIуэ

**«Форбс» америкэ журналым илъэс къэс къытредзэ цIыхубз нэхъ жыджэрищэм я цIэ-унэцIэхэр, щхьэж и зэфIэкIыр къэлъытауэ увыпIэ хэхахэр яритурэ.**

Мы гъэм апхуэдэ «къызэдэгъэжэкIэм» бжьыпэр щызыубыдауэ къалъытар Германием и канцлер Меркель Ангелэщ. Абы цIыхухэр есэжауэ жыпIэ хъунущ - ар иджы ебланэрэ щытокIуэ абы. Меркель кIэлъокIуэ Бразилием и президент Руссеф Дилмэ. ЗэфIэкIышхуэ зиIэ бзылъхугъэхэм хабжащ США-м и президентым и щхьэгъусэ Обамэ Мишель, Америкэм и къэрал секретару щыта Хиллари Клинтон, Индием щыщ политик Ганди Соня сыми.

### Ниссан мин 840-рэ

**Дунейм щIэупщIэ нэхъ щызиIэхэм хабжэ Японием къыщыщIагъэкI Ниссан автомобилхэр. Японием и мызакъуэу, ар щызэпкъралъхьэ заводхэр щыIэщ нэгъуэщI къэрал зыбжанэми.**

Японием щIымкIэ, транспортымрэ туризмэмкIэ и министерствэм иджыблагъэ хэIущIыIу зэрищIамкIэ, Инджылызымрэ Японимрэ 2002 - 2006 гъэхэм къыщыщIагъэкIа Nissan Micra, Nissan Cube лIэужьыгъуэхэм хуэдэу мин 840-рэ зыщэхуахэм къыIахыжын хуейуэ хуагъэуващ компанием. Абы и щхьэусыгъуэр автомобилхэм я рулхэр зэрыщытын хуейм хуэдэу кIэрымыкъузауэ къызэралъытарщ. Машинэхэр къыщIэзыгъэкIхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ щхьэусыгъуэкIэ гъуэгум насыпыншагъэ къыщыхъунукъым, ауэ хуагъэувари ямыгъэзэщIэну хуиткъым.

### НОБЭ

□ Славян тхыбзэмрэ щэнхабзэмрэ я махуэщ

□ Паркхэм я европэпсо махуэщ

□ 1883 гъэм Нью-Йорк къыщызэIуахащ иджы цIэрыIуэ дыдэ хъуа Бруклин лъэмыжыр.

□ Нобель, Ленин саугъэтхэм я лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтхэр зыхуагъэфэща, Социалист Лэжьыгъэм тIэунейрэ и ЛIыхъужь урыс тхакIуэшхуэ **Шолохов Михаил** къызэралъхурэ илъэси 108-рэ ирокъу.

□ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Иуан Хьэсэн** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

□ Шэрджэс тхакIуэ **Анзор Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым къызэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 19 - 20 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**ГъущI куэбжэ зиIэ гъущI мастэ щощIэ.**

# Дызэкъуэту дызэдэлажьэмэ, дэ куэд тхузэфIэкIынущ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ я дежкIэ сыт хуэдэ дэIэпыкъуныгъэри лъапIэщ, ахэр мылъкуми псалъэ гуапэми хуэныкъуэщ. Дэ хэкум къэкIуэжахэр зыщыщ лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм захудогъазэ. Жьэгу пащхьэ мафIэрщ зэшхэр щызэрыукI зауэу Сирие Хьэрып Республикэм щызэщIагъэплъам и жыхьэнмэм къыхэкIыжу къэIэпхъуэжа адыгэхэм я псэр зыгъэхуэбэжыфынур.

Апхуэдэу захуэзгъэззэну сыхуейт захуагъэр сыт щыгъуи нэхъ кууурэ зыхэзыщIэ ди щIалэгъуалэм. Интернетым и фIыщIэкIэ дэтхэнэ къэхъукъащIэми псори псынщIэ дыдэу щыгъуазэ хъууэ хуежьащ. Ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмри а Iэмалхэр къызэрагъэсэбэпыр хъарзынэщ. Абыхэм ящыщ куэдым я гупэр адыгэ хабзэхэм хуагъэзэжащ, анэдэлъхубзэм и къэкIуэнум тогузэвыхь, хабзэ, нэмыс яхэлъу щытыным хущIокъу. КъэкIуэнур зейр фэращ. Ауэ сыт хуэдэ IуэхуфIми зэпIэзэрыту, егупсысауэ, зэраныгъэ къызэримыхьыным хущIэкъуу бгъэдыхьэпхъэщ. Ди адэжьхэм жаIащ: «ФIым къимыхьар Iейм къихьыркъым». Фэ фIыуэ къывгурыIуэу щытын хуейщ бэлыхь куэд зытелъа ди лъэпкъым и гугъуехьхэр законым утету, хабзэ пхэлъу фIэкIа зэрыпхудэмыгъэкIынур. Нобэ дэ ди гуапэу дыкIэлъыплъащ ди щIалэгъуалэр Налшык и уэрамхэм зэрырикIуэм. Дэ ди фIэщ мэхъу нобэ дыщIызэхуэсахэм я псэр зэрытщIыгъур. Дэ IупщIу къыдгурыIуэн хуейщ Урысейм ис лъэпкъ псоми пщIэ яхуэщIыным фIы къызэрырикIуэнур. Абы и лъэныкъуэкIэ ди нэхъыжьхэм жэуаплыныгъэшхуэ къабгъэдохуэ.

Нэгъуэщ къэралхэм щыпсэу ди къуэшхэмрэ ди шыпхъухэмрэ ятеухуауэ псалъэ зыбжанэ жысIэну сыхуейт. Сыт хуэдизу ди жагъуэ мыхъуми, абыхэм псоми я адэжь щIыналъэм къызэрамыгъэзэжыфынур къыдгуроIуэ. НэгъуэщI щIыналъэхэм щызэбгрыдза адыгэ мелуанхэр езыхэр щыпсэу къэралхэм ятолажьэ. Абыхэм адыгэ гъэсэныгъэм и щапхъэ ягъэлъагъуэ. А псоми дэ ди псэм къыбгъэдэкIыу яжыдоIэ: Тхьэр арэзы къыфхухъу. Ди гуапэщ а къэралхэм езыхэм я къуэу, я быну фыкъалъытэну, фи щапхъэхэмкIэ ди лъэпкъым и хьэл нэхъыфIхэр вгъэлъэгъуэну. Дэ, Кавказым ис адыгэхэм, ди къарур хуэдунэтIынщ Кавказ Ищхъэрэм зэпIэзэрытыныгъэр щыгъэбыдэным. Апхуэдэу мамырыгъэр, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр, Урысей къэралыгъуэр гъэбыдэнымкIэ хэкум и тегъэщIапIэу дыщытынщ.

Нобэ щыгъуэмрэ гуауэмрэ я махуэщ. Апхуэдэ махуэ дыдэ яIэщ ди къуэш балъкъэрхэм, адрей ди гъунэгъу лъэпкъхэм. Ауэ абыхэм къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэхэри яIэщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, дэ зэкIэ апхуэдэ гуфIэгъуэ махуэ диIэкъым. Махуищ япэкIэ Мейкъуапэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и гъэзэщIакIуэ комитетым щригъэкIуэкIа зэIущIэм къыщащтащ Адыгэхэм я дунейпсо махуэ гъэувыным теухуа унафэ. БлэкIам и гурыщIэ ткIыбжьым къыдэкIуэу, дэ ди щIалэгъуалэм я псэм хэтлъхьэну дыхуейщ гъащIэми хэкуми я уасэр зыщIэу щыта ди адэжьхэм я псэм и зэфIэкIыр. КъызыхэкIам иригушхуэу, дунейм тет лъэпкъ псоми ящIыгъуу дэтхэнэ адыгэми мы щIылъэм къызэрытехьар игъэлъэпIэну дяпэкIэ Iэмал иIэнущ.

Сынывохъуэхъу, си ныбжьэгъу лъапIэхэ, мамыру фыпсэуну икIи ди мурадыфIхэр къыдэхъулIэну.



Сурэтхэр МАМИЙ Руслан трихащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ профессор БакIуу Хъанджэрийрэ выставкэм йоплъ.



Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд и псалъэ.



СурэтыщI ГъукIэпщокъуэ Щауэмир.

# 1763 - 1864 гъэхэр

• Гъэлъэгъуэныгъэхэр









**Илъэси 101-кIэ екIуэкIа Урыс-Кавказ зауэр езым имылъэгъуами, и лъэпкъым абы къыхуихьа гузэвэгъуэр зыхэзыщIэ щIалэщIэ IэпщIэлъапщIэ ГъукIэпщокъуэ Щауэмир IупщIу къигъэлъэгъуэн хузэфIокI а лъэхъэнэ гуащIэ адыгэр зыхэтар. Мы махуэхэм абы Лъэпкъ музейм щигъэлъагъуэ и лэжьыгъэхэр зытеухуар зи гугъу тщIы зауэжьыр къызэрыхъейрэ илъэс 250-м зэрынэблэгъарщ.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Щауэмир щылажьэр «пшахъуэ гъуазджэ», «пшахъуэ графикэ» жиIэу къызэрыкI «sand art» Iэмалырщ. ПшахъуэкIэ абы абджыпсым трищIыхь сурэтхэм тхыдэ псо къазэрыхэщым къыщымынэу, ГъукIэпщокъуэм и IэдакъэщIэкIхэм хелъхьэ и гукъеуэ-гупсысэхэри.

Щауэмир къигъэлъагъуэ адыгэ зауэлIхэми бзылъхугъэхэми я нэгум иболъагъуэ а зэманым цIыхухэм гугъуехьрэ хьэзабу ятелъар, сурэтыщIым аллегорие гъэпсыкIэм зыщыхуигъази щыIэщ. Апхуэдэу, «В пучину Черного моря» сурэтым адыгэр хэкум зэрыраша кхъухьхэм я пIэкIэ къыщихьыр бдзэжьей абрагъуэм цIыхухэр зыжьэдилъафэущ. «Адыгэш» сурэтымкIэ ГъукIэпщокъуэм дигъэлъагъу хуэдэщ лъэпкъ пагэ, ауэ икIи мащIэ адыгэр къикIуэт имыIэу Урысей пащтыхьыгъуэм и дзэшхуэм зэрыпэщIэтар. Мы сурэтым ехьэлIауэ къэпхь хъунущ Вэрокъуэ Владимир и гупсысэр: «Шэрджэсым иращIылIа зауэм и кIыхьагъкIэ а щIыналъэр къамызэуфурэ Урысей империем пащтыхьитху зэрихъуэкIыну хунэсащ. Урысей пащтыхьыгъуэм Наполеон и дзэр зэтрикъутащ, Польшэр, Къырым хъаныдзэр, Прибалтикэр, Финляндиер иубыдащ, Тыркум дригъэкIуэкIа зауиплI къикъащ, арщхьэкIэ Шэрджэс лъэщыр къизэун хузэфIэкIакъым. Шэрджэс щIыналъэр къигъэIурыщIэну абы Iэмал зэригъуэтар зы гъуэгукIэщ - абы щыпсэухэр ирихукIэщ».

Гупсысэ шэщIа хэлъщ «Умирать стоя» лэжьыгъэми: Iэщэ зыIыгъ, шым тес гупыр адыгэ унагъуэ къызэрыгуэкIым теуэу ар щIым щыщ зэрищIыжар хьэкIэкхъуэкIагъэт.

Уи гулъытэр ихьэхурт «Къэбэрдей хьэжрэтхэр» сурэтым. ЩIалэ IэпщIэлъапщIэр хьэжрэтхэм я щIэблэм зэращыщыр къэплъытэмэ (и адэр Хуэдз хьэжрэт жылагъуэм къыдэкIащ), лэжьыгъэм абы и псэм щыщ Iыхьэ цIыкIу зэрыхилъхьар IупщIу уолъагъу. Къыхэгъэщыпхъэщ хьэжрэтхэм Урыс-Кавказ зауэм я гуащIэ мымащIэу зэрыхалъхьари. Яхэтащ абыхэм абрэджхэри. Щауэмир «Абрэдж» зыфIища и лэжьыгъэр ахэрщ зытеухуар.

Урыс-Адыгэ зауэм и лIыхъужьхэр лъэныкъуэкIэ къигъэнэн лъэкIакъым ГъукIэпщокъуэм. Абыхэм ящыщщ «Шэрджэсым и аслъэн» цIэр инджылыз Белл Джеймс зыфIищауэ щыта шапсыгъ цIэрыIуэ ЩэрэлIокъуэ (Дыгъужьыкъуэ) Къазбэч, «шэрджэс Щамил» фIэщыгъэр зыгъуэта убыхыпщ Бэрзэдж Дэгумыкъуэ ХьэжыИсмел сымэ. ГъукIэпщокъуэм зэфIигъэувэжащ нэтыхъуей лIакъуэлIэш Шырыхъукъуэ Дыгъужь и теплъэри.

Адыгэ лъэпкъыр бэлыхь дыхэзыдза зауэр нэсу къэгъэлъэгъуэжа хъунтэкъым, а зэманым нэхъ лей дыдэ зезыхьа генерал Засс Григорий и сурэтыр утыку къримыхьатэмэ. А цIыху гущIэгъуншэм зэрихьа лейхэри Щауэмир сурэт щхьэхуэхэу уи нэгум къыщIегъэхьэ: Прочноокопскэ быдапIэм щхьэпылъэ щащIа шэрджэсхэр къызэрыщ сурэтхэр гум хохьэ, а лъэхъэнэ шынагъуэр зыхыуамыгъащIэуи къанэркъым.

Гъэлъэгъуэныгъэм къыщыхьа сурэтхэм я бжыгъэми (36-рэ мэхъу) мыхьэнэ иIэщ: зауэр щекIуэкIа илъэсхэр (1763 - 1864) зэхэплъхьэмэ, 1 + 7 + 6 + 3 + 1 + 8 + 6 + 4 къыщIэкIыр 36-рэщ.

«Шэрджэсхэр яхэшыпсыхьыжынущ тыркухэм, зы щIэблэ къащIэхъуэжынми аращ», - зэгуэр, 1860 гъэхэм, жызыIа генерал Фадеев Ростислав адыгэ хэхэсхэм нобэм къахьэса щэнхабзэм, гъуазджэм, я псэукIэм зы нэкIэ хэплъэну Iэмал иIамэ, гъэщIэгъуэн дыдэ къыщыхъунт.

Ди тхыдэр иухакъым дэ иджыри. Дунейр щыIэху, Алыхьым жиIэмэ, псэунущ адыгэ лъэпкъыр... Мыпхуэдэ гупсысэ я щхьэм къыщыушауэ къыпщыхъурт ГъукIэпщокъуэ Щауэмир и гъэлъэгъуэныгъэм кърихьэлIа псоми.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къызэрыхигъэщамкIэ, щIалэ IэпщIэлъапщIэм и творчествэм фIагъ куэд къызэщIеубыдэ.

- ЩIалэм и унэцIэ дыдэм «гъукIэ» псалъэр и лъабжьэщ, абыкIэ къыбгурыIуэнтэкъэ ар сурэтыщI нэс зэрыхъунур?! Пэжыр жыпIэмэ, абы и IэдакъэщIэкIхэм ар къыщоув философ Iэзэуи тхыдэдж гурыхуэуи. Апхуэдэ пхузэфIэкIыу адыгэм и тхыдэм и напэкIуэцI нэхъ гугъухэр къэбгъэлъэгъуэныр ехъулIэныгъэшхуэщ. Къысщохъу дэ псоми нобэ Щауэмир и IэдакъэщIэкIхэр гурэ псэкIэ зыхэтщIауэ. Сурэт щхьэхуэхэм уи гур кърагъэкIэзызыкI, язынымкъуэхэр телъыджэ пщохъу, нэгъуэщIхэм пагагъэ къыпхалъхьэ ди лъэпкъ уардэм папщIэ. А зэман жыжьэм Шэрджэс щIыналъэм къытепсыхауэ щыта гузэвэгъуэр афIэкIа ди цIыхухэм ямылъагъужыну Тхьэм жиIэ. Сохъуэхъу ГъукIэпщокъуэм и лъэпкъыр, и лъахэр игъэлъапIэу ирихьэжьа Iуэхум адэкIи пищэну, гуфIэгъуэ Iуэхугъуэ куэд къылъыкъуэкIынуи си гуапэщ», - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор **БакIуу Хъанджэрий** къыхигъэщащ Щауэмир игъэлъагъуэм хуэдэ телъыджэ иджыри къэс зэрыIумыщIар, абы и сурэт дэтхэнэми гупсысэ куу зэрахилъагъуэр.

- НапIэзыпIэр къигъэувыIэ къудейкъым сурэтыщIым, абы егугъуауэ дегъэгупсысэ. ИкъукIэ мыхьэнэ зиIэщ гъэлъэгъуэныгъэр накъыгъэм и 21-м, Адыгэм и щыгъуэщIэж махуэм, зэрырагъэхьэлIар. Абы къегъэлъагъуэ ди блэкIар зэрытщымыгъупщэри адэкIэ лъэпкъым зэрызиужьыжынури. Гу зэрылъыстамкIэ, ГъукIэпщокъуэ Щауэмир гупсысэщIэ зиIэ цIыхущ, си гуапэщ абы и цIэр ди аузхэм, адыгэр щыпсэу щIыпIэхэм я мызакъуэу, дуней псоми щыIуну. Урыс-Кавказ зауэр зылъэIэсар зы унагъуэтэкъым, зы къуажэтэкъым, атIэ лъэпкъ псом гузэвэгъуэу къатехуат... А гуауэм и фэеплъу Щауэмир дигъэлъэгъуа теплъэгъуэхэм папщIэ фIыщIэ хузощI, пщIэрэ гъуэгу дахэрэ иIэну Тхьэм жиIэ, - къыхигъэщащ Хъанджэрий.

- Адыгэм нэхърэ нэхъыбэу пшахъуэр зыуба, пшахъуэм ирикIуа нэгъуэщI лъэпкъ щыIэу къыщIэкIынкъым. Тенджыз ФIыцIэм и Iуфэр, ди псышхуэхэм я Iуфэ дахэхэр... - жиIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфIыцIэ Мухьэмэд**. - Ауэ дэ тщыщ зыми иджыри къэс зэи игу къэкIатэкъым пшахъуэм мыпхуэдэ телъыджэ къыхэпщIыкI хъуну. ГъукIэпщокъуэм ар щищIми, ди гум къыщIитхъ, дызыгъэпIейтей Урыс-Кавказ зауэм и напэкIуэцI нэхъ гузэвэгъуэ дыдэр къигъэлъэгъуащ. Адыгэ цIыхухэр зэтезыукIа генерал Засс и сурэтыр, адыгэ къуажэхэр, зауэшхуэм и лIыхъужьхэр... ФIэщ щIыгъуейщ мы щIалэр илъэси 101-кIэ екIуэкIа а зауэм хэмытауэ, абы апхуэдизкIэ Iэзэу псори ди нэгу къыщIегъэувэри. ГъэщIэгъуэныщэщ псори. Зэчий къызэрымыгуэкI убгъэдэлъщи, Щауэмир, уи лъэпкъым IуэхуфIкIэ ухуэлэжьэфыну, уи Iэпэхэм къыпыщ гъуазджэм зиужьыну сыпхуохъуахъуэ. Тхьэм дызэдигъэузыншэ!

Къыхэгъэщыпхъэщ ГъукIэпщокъуэ Щауэмир и гъэлъэгъуэныгъэр къызэIуаха и ужь, пшахъуэкIэ сурэт зэрищIым цIыхухэр зэрыхигъэгъуэзар. ЯфIэщIэщыгъуэу псори еплъащ дакъикъэ 15-кIэ абы игъэлъэгъуа «Адыгэ Хэку» фильмым. Ар къыщIедзэ Iуащхьэмахуэ и теплъэмрэ абы и Iэгъуэблагъэм къыщыкI жыг уардэм и сурэтымкIэ, адыгэ пщIантIэмрэ абы щыпсэу цIыху мамырхэмрэ къыщыгъэлъэгъуа теплъэгъуэхэмкIэ. Зэуэ лъэпкъым къащхьэщохьэ бгъэ фIыцIэжьыр, щыблэм хуэдэу къохъей зауэр, ирауд лъахэм и жыг лъэщри. Лъэпкъым хьэзабыр я натIэ зэрыхъуар IупщIу уолъагъу. А псом щIэт макъамэм нэхъри гупсысэ куум ухешэ. ГъукIэпщокъуэм фильмым курых хуещI лъэныкъуэкIэ къыщыт, пшахъуэм къыхигъэщхьэхукI лIыжь зи щхьэр фIэзыубыдыкIам и нэгу щIэкIхэр... Елъагъу абы зауэ шынагъуэр, лажьэншэу абы хэкIуадэхэр, тенджызыр, кхъухьхэм ирагуэ цIыхухэр... ИстамбылакIуэр гъуэгу мыгъуэт. ИтIани, ираупщIыкIауэ щыта жыгым щыщу къэна пхъэдакъэжьым гугъэ уэзыгъэщI къудамэ къыдожыж...

Адыгэр псэущ, лъэ быдэкIэ тетщ дунейм, мэкI и жыг уардэри...

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**















•ГущIэгъу зыхэлъхэм зыфхудогъазэ

# Сирием щыпсэу адыгэхэм я джэ макъ

**Хэкужьым къина адыгэхэр дапщэщи дропIейтей хамэщI щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм. Мы лъэхъэнэм дрогузавэ Сириер псэупIэ зыхуэхъуауэ щыта адыгэхэр абы щекIуэкI зауэм псэзэпылъхьэпIэм зэрыригъэувам. Пэжщ, абы щыпсэуахэм ящыщ гуэрхэри къэIэпхъуэжыфащ адыгэ щIыналъэхэм, ауэ зауэ мафIаем къыхэнауэ абы пыщIа гугъуехь мыухыжхэр зыгъэвхэр нэхъыбэж мэхъу.**

ИДЖЫБЛАГЪЭ ди редакцэм къыщIыхьащ Сирием щыпсэуауэ щыта, иджы Нартан къуажэм дэс и Iыхьлыхэм псэупIэкIэ къызэрагъэпэща Къущхьэ Надим. Абы къытхуиIуэтащ а хамэ щIыпIэм и бэлыхьхэр зыгъэв адыгэхэр мы зэманым зэрыхуа щытыкIэ къызэрымыкIуэр. Дамаск дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и цIэкIи лъэпкъым зыхуегъазэ ди хэкуэгъухэр зыхэхуа бэлыхьыр ядэгъэпсынщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу хъуну.

- Сирием ис адыгэхэр нобэ зыхэт мафIэмрэ гузэвэгъуэмрэ нэхърэ нэхъ гуауэрэ дыджрэ ахэр хуэзакъым, Урыс-Кавказ илъэсищэ зауэшхуэр зэриух лъандэрэ. ЩIыпIэм щекIуэкI зауэр нэсащ адыгэхэр куэду зыдэс къуажэхэм, жылэхэм. Ди лъэпкъэгъухэм ящыщу цIыхуи 100-м щIигъу хэкIуэдакIэщ а зауэ гуащIэм, нэхъыбэжи уIэгъэ хъуащ. Куэдым яIэжкъым я псэуалъэхэр, унэхэр, ябгъэдэлъа мылъкури щIэпхъаджащIэхэм зэрапхъуащ, - жеIэ Надим. - Адыгэ унагъуэ мини 4-м нэс Дамаск къалэм къыдэзэрыхьащ, гузэвэгъуэм кърихужьэри. ЦIыху мин бжыгъэхэм я IэнатIэхэр яфIэкIуэдри, зэрыпсэун, яшхын ямыIэу джафэу къэнащ. Абыхэм зэралъэкIкIэ ядоIэпыкъу Дамаск дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэмрэ абы и къудамэу щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыIэхэмрэ. Апхуэдэ щIэгъэкъуэн лъэщыр мыхъуатэмэ, а хамэ щIыналъэм щыIэ адыгэхэм леищэ къатехьэнт, ауэ, итIани, зэрыжаIэщи, «бзум ил и лъэпсщ»: Хасэми тэмэму, зэрыхуейуэ цIыхухэр къыхузэгъэпэщыркъым ахэр Iэмалыншэу зыхуей-зыхуэфI псомкIи.

Ди лъэпкъэгъухэр зыхэт апхуэдэ гузэвэгъуэр зылъагъу, ауэ нэсу дэмыIэпыкъуф Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и джэ макъыр яхуэгъэзащ дунейм тет адыгэ псоми.

***«Ди къуэшыфIхэ, ди лъэпкъэгъухэ! ДынывolъэIу дэIэпыкъуэгъу фыкъытхуэхъуу дызэрыт гужьеигъуэм дыкъыхэфшыну. «МафIэм пэгъунэгъу лыр мажьэ», - жеIэ псалъэжьым. Вбгъэдэлъ адыгагъэмрэ цIыхугъэмрэ зэрыгъунапкъэншэр дощIэри, дынывolъэIу гу къытлъыфтэну. Гуапэ зыхэлъым псапи хэлъщ. Фи хэхъуэр куэду, гуапагъэрэ псапэрэ фщIэфу куэдрэ узыншэу Тхьэм фигъэпсэу!***

*Дамаск дэт Адыгэ ФIыщIэ Хасэр».*

«Лъэпкъ и зыпкъ кIуэдыркъым», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Сирием щыпсэу адыгэхэм мылъкукIэ защIэзыгъэкъуэну хуей дэтхэнэми зыпищIэ хъунущ Дунейпсо Адыгэ Хасэм. Абы и реквизитхэр мыращ:

Союз общественных объединений
«Международная Черкесская Ассоциация»
В лице президента Сохрокова Х. Х.,
действующего на основании Устава

Юридический адрес:
**360000, Россия, Кабардино-Балкарская Республика, г.Нальчик,ул.Шогенцукова, 6**
**тел.42-05-73,Факс 42-58-34**
**ИНН- 0721002124**
**КПП-072101001**

**Коммерческий банк «БУМ-БАНК» ООО**
**г.Нальчик, ул.Ногмова, 62,**
**Счет № 40703810720000000701**
**К/С № 30101810100000000749**
**БИК 048327749**
**ИНН 0711007268**
**КПП- 072101001**

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**